

LSNJ PROTECT

Yon pwogram ki ofri asistans legal pou tout victim trafik moun

Nimewo telefòn gratis 1-844-LSNJ-PROTECT

(1-844-576-5776)

Li posib pou ou se yon viktim trafik moun si:

- Ou pa gen libète pou fè rantre soti jan ou vle.
- Ou gen 18 an ou mwens, epi ou ap fè sèks pou lajan.
- Yo peye ou yon ti kraze lajan oubyen yo pa peye ou anyen ditou pou travay ou.
- Yo pa ba ou dwa pou pran repo nan travay la.
- Yo te ofri ou yon travay nan fo pwomès.
- Ou pa gen ankenn kontwòl sou lajan ou.
- Ou pa gen dwa pale pou tèt ou.
- Ou pa gen kat idantite ou ak paspò ou, e ou pa kab retwouve yo.
- Ou pa gen libète sou kilè pou manje oubyen pou dòmi.
- Ou dwe yon moun anpil lajan, e ou pa kapab peye dèt la.
- Ou pè pou yo pa rapòte ou bay imigrasyon oubyen lapolis.

Èske ou se yon viktim trafik moun?

Ktrafik moun se fè biznis moun ilegalman oubyen sèvi ak moun san konsantman yo pou travay fòse oubyen eksplwatasyon seksyèl.

Gade nan lòt bò a pou wè kijan LSNJ PROTECT kapab ede ou.

Èske ou konnen li posib pou ou gen dwa?

- Aplike pou papye imigrasyon ou
- Jwenn yon lòd pwoteksyon
- Jwenn pèman pou travay ke yo pa te peye ou
- Efase dosye kriminèl ou
- Mande èd leta
- Resevwa dedomajman si ou te viktim yon krim

Sèvis Jiridik Nyoudjèze (LSNJ) se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki ofri konsèy ak reprezantasyon legal gratis pou moun ki viktim trafik moun.

Tout apèl rete konfidansyèl

LSNJ **PROTECT**

Nimewo Telefòn Gratis **1-844-LSNJ-PROTECT**
(1-844-576-5776)



**Pout tout ka ijan, rele 911. NJ Human Trafficking Hotline 1-855-END-NJ-HT
The National Human Trafficking Hotline 1-888-373-7888.**